

KALANDRIYE Aktivite

MPO	BPAC	BCCB	CIR	TCC
Janvye				
Pa gen reyinyon	Mèkredi 10 a 6:30 diswa Sal 329 F	Lendi 22 a 2:00 apremidi Sal 422	Pa gen reyinyon	Lendi 22 a 2:00 apremidi Sal 302
Febriye				
Jedi 8 a 9:30 dimaten Sal 422	Mèkredi 14 a 6:30 diswa Sal 329 F	Pa gen reyinyon	Madi 6 a 6:00 diswa Sal 430	Lendi 26 a 2:00 apremidi Sal 302
Mas				
Jedi 8, a 9:30 dimaten Sal 422	Mèkredi 14 a 6:30 diswa Sal 329 F	Lendi 19 a 2:00 apremidi Sal 422	Madi 6 a 6:30 diswa Sal 430	Lendi 26 a 2:00 apremidi Sal 302
Avril				
Jedi 19, a 9:30 dimaten Sal 422	Mèkredi 11 a 6:30 diswa Sal 329 F	Lendi 16 a 2:00 apremidi Sal 422	Madi 10 a 6:30 diswa Sal 430	Lendi 23 a 2:00 apremidi Sal 302

Tout reyinyon yo pral fèt nan adrès Government Center, 115 S. Andrews Avenue, Fort Lauderdale, epi yo ouvri pou piblik la.

Akwonim

AAADT Annual Average Daily Traffic Counts	DCA Department of Community Affairs
APR Annual Performance Report	DRI Development of Regional Impact
APTA American Public Transit Association	EIS Environmental Impact Statement
BPAC Bicycle Pedestrian Advisory Committee	EPA Environmental Protection Agency
BCCB Broward County Coordinating Board	FAA Federal Aviation Authority
BCT Broward County Transit	FAC Florida Administrative Code
BLC Broward League of Cities	FCTD Florida Commission Transportation Disadvantaged
BUS Broward Urban Shuttle	FDOT Florida Department of Transportation
CAAA Clean Air Act Amendment	FHWA Federal Highway Administration
CBD Central Business District	FS Florida Statute
CMA Congestion Management	FTA Federal Transit Administration
CIR Community Involvement Roundtable	FY Fiscal Year
CMAQ Congestion Mitigation and Air Quality	GIS Geographic Information System
CMS Congestion Management System	MPO Metropolitan Planning Organization
CTC Community Transportation Coordinator	TCC Technical Coordinating Committee
	UPRD Urban Planning and Redevelopment Department

Pou plis enfòmasyon, gade nan:

www.broward.org/mpo

Pou plis enfòmasyon sou jan ou kapab vin yon manm nan Komite Kowòdinasyon Teknik la, oswa nan Tab Wonn pou Aktivite Kominotè a, rele nan nimewo 954-357-6608.

Ou kapab mande piblikasyon sa a nan yon fòma an gwo lèt, oswa sou kasèt odyo, oswa enprime an karaktè bray.

Pou pibliye dokiman sa a pou rezidan yo, sa te koute \$1,400.00, sa ki vle di \$.467 pou chak kopi, an kontan lajan lapòs, pou bay enfòmasyon sou sèvis ak pwogram Broward County MPO yo.



CHINENDEKOUPE

VOLIM 10, NIMEWO 12

Premye Trimès 2007

MPO BROWARD COUNTY A ÒGANIZE KONFERANS LANE 2006 POU AMPO A



Richard Kaplan, ki se Prezidan MPO Broward County ak Majistra Lauderhill, te resevwa yon pri nan konferans AMPO a, pou Ranman Esepasyonèl li te bay nan Planifikasyon Transpò Metwopoliten, kòm yon Ofisyèl yo te Chwazi nan Eleksyon.

Metropolitan Planning Organization [Òganizasyon pou Planifikasyon Metwopoliten] nan Broward County a te òganize konferans anyèl 2006 la pou Asosyasyon Òganizasyon pou Planifikasyon Metwopoliten yo (AMPO) nan Fort Lauderdale Grande Hotel & Yacht Club ant 31 oktòb ak 3 novanm 2006. Yo te kowòdone pwogram ak vizit sou teren pou konferans lan yon jan ki te montre inovasyon, epi ki te bay manm yo yon chans aprann nan bouch espesyalis ak nan bouch lòt manm parèy yo.

Konferans AMPO a te bay yon chans tou pou amelyore efikasite nan òganizasyon ak pou satisfè bezwen k ap devlope nan zafè transpò yo nan plizyè kominote ki nan peyi a.

Ajanda pou atelye nan konferans lan te montre plizyè etap nan pwosesis planifikasyon metwopoliten an, tankou nouvo bezwen planifikasyon yo, ansanm ak metòd yo epi estrateji pou aplikasyon yo.


Eleman pwogram sa yo te montre enpòtans mobilite, ak jan pou fè relasyon ant ajans gouvènman yo bay pi bon ranman, ak enpòtans inisyativ planifikasyon rejyonal yo, ki se yon kesyon ijan nan Sid Florid la.

Te gen plis pase 250 moun ki te patisipe nan konferans lan; yo te soti toupatou nan Etazini, menm Alaska. Kantite moun ki te la yo te depase kantite moun ki te nan aktivite yo te òganize pou lane 2005 yo, sa ki vle di te gen plis pase 50 moun an plis. Yo te pèmèt patisipan yo chwazi ant patisipe nan yon ajanda edikasyon (ki se plizyè seyans ki te swiv youn deyè lòt

sou yon kesyon espesifik), oubyen asiste konferans lan sèlman.

Madi 31 oktòb

Patisipan nan AMPO yo koumanse konferans lan avèk yon vizit sou teren an, ki te gen ladan l yon vizit gide nan Port Everglades ak nan Aewopò Entènasyonal Fort Lauderdale-Hollywood la. Apre sa, patisipan yo te divize an 2 gwoup, youn ki ale West Palm Beach, epi youn ki ale fè yon vizit gide nan Pò Miami an. Toude gwoup yo te pran transpò nan Tri-Rail pou ale nan vizit gide nan chak vil sa yo.



Patisipan nan AMPO yo te kontan chita deyò pou manje ansanm nan Fort Lauderdale Grande Hotel & Yacht Club.

(kontinye nan paj 2...)

Nan Nimewo Sa a...

- Pwogram Travay pou Planifikasyon Inifye (UPWP) 2007-2008
- Kout Pwojektè sou Planifikasyon Transpò ak Konferans Nasyonal
- MPO Broward County a Òganize Konferans Lane 2006 pou AMPO
- Wout San Danje pou Ale Lekòl
- 10yèm Konferans Anyèl pou Katye nan Florid yo
- Jounen sou Anviwonman pou Fanmi nan Coral Springs

Transportation Planning Division
115 S. Andrews Avenue, Room 329H
Fort Lauderdale, FL 33301



PRSR STD
US POSTAGE
PAID
FT. LAUDERDALE, FL
PERMIT #5450

**PWOGRAM
TRAVAY POU
PLANIFIKASYON
INIFYE (UPWP)
2007-2008**

Nan yon menm dokiman, Pwogram Travay pou Planifikasyon Inifye a (UPWP) idantifye aktivite ki pral fèt pou tout lane a nan Rejyon Metwopoliten Broward County a, anba sipèvizyon anplwaye nan Oganizasyon Planifikasyon Metwopoliten nan Broward County a (BCMPO), ansanm ak konseye pwofesyonèl li yo pandan yon lane.

Avèk travay UPWP li a ap fè, BCMPO a fè rekòmandasyon espesifik ki chache amelyorasyon rezon transpò a nan tout Rejyon Metwopoliten Broward la.

Pwosesis devlopman UPWP a derape depi mwa janvyè, lè yo koumanse mande rekòmandasyon ki soti nan piblik la, ak nan ajans ki travay sou kesyon transpò yo, ak nan konsèy administrasyon BCMPO a, ansanm ak komite konseye li yo.

Pwosesis la fini nan mwa me, lè yo remèt dènye UPWP a bay ajans Eta a ak ajans federal yo pou konsiderasyon ki an rapò avèk finansman.

Si ou gen kòmantè oswa konsèy ou vle bay, ou mèt voye yo bay Tracy Mitchell nan adrès tmitchell@broward.org, pa pi ta pase 2 mas 2007. Ou mèt ale nan pòtay entènèt nou an tou, nan adrès www.broward.org/mpo/upwp.pdf.



**KOUT PWOJEKTÈ SOU
PLANIFIKASYON TRANSPÒ AK
KONFERANS NASYONAL**

Richard J. Kaplan,
Prezidan MPO, Majistra
nan Vil Lauderhill

Se avèk anpil plezi nou te òganize konferans anyèl AMPO a isit la, nan Broward County, ki te koumanse 31 oktòb pou fini 3 novanm 2006. AMPO se yon òganizasyon ki gen manm, epi ki pa travay pou fè benefis; li la pou sèvi enterè ak reponn bezwen òganizasyon planifikasyon metwopoliten (MPO) nan tout peyi a. Dapre règleman federal pou granwout ak pou transpò yo, pou ajans MPO yo kapab sèvi avèk finansman federal pou granwout ak pou transpò nan zòn ki gen vil yo, ajans yo oblije administre

planifikasyon transpò ak sipèvizite kouman lajan ki soti nan gouvènman federal ak nan kès leta yo ap depanse.

Pou òganize aktivite sa yo, gen patnè lokal ak nasyonal ki te asepte bay finansman. Anplwaye nan MPO Broward la te travay aktivman avèk kèk asosyasyon nasyonal pou òganize bon jan aktivite ki te pèmèt tout patisipan yo resevwa anpil enfòmasyon ki enterese yo.

Avèk yon popilasyon ki depase 1.7 milyon rezidan nan Broward County, se te yon gwo opòtinite pou montre bèl kote ki genyen nan zòn lan, epi pou fè wè pi gwo bezwen ki vin genyen pou rezoud pwoblèm transpò yo.

(...pou kontinye atik paj 1 an)

**MPO BROWARD COUNTY A ÒGANIZE
KONFERANS LANE 2006 POU AMPO A**

Mèkredi premye novanm

Konferans lan te derape avèk enskripsyon, epi te genyen reyinyon nan menm maten an sou kesyon règleman yo ak sou kesyon teknik. Nan manje midi kote yo te resevwa manm AMPO yo, se palmantè Mario Diaz-Balart ki te oratè prensipal. Mario Diaz-Balart, se yon palmantè nan 25yèm Distrik U.S. la, ki te sèvi tou nan soukomite pou Transpò ak Enfrastrikti nan Chanm Reprèzantan Etazini a.

Aprè manje midi a, gen 3 tèm konferans yo te ofri patisipan yo, kote yo te konsantre sou estrateji òganizasyon, epi sou prensip fondamantal nan planifikasyon transpò. Resepsyon premye swa a te òganize nan River House, ki anba lavil nan Fort Lauderdale.

Jedi 2 novanm

Jou sa a, seyans nan konferans lan te konsantre sou yon seri ki gen 3 moso, ki te rele SAFETEA-LU. Non sa a genyen ladan l pawòl sa yo: Sekirite [Safe], Responsabilite [Accountable], Souplès [Flexible], Lwa pou Jistis nan Transpò [Efficient Transportation Equity Act]: yon Eritaj pou Kliyan yo [A Legacy for Users]. SAFETEA-LU otorize pwogram federal pou transpò atè a fè travay sou granwout yo, ak pou sekirite sou wout, ak pou transpò pandan peryòd 5 lane ki ant 2005 ak 2009 la.

Asosyasyon Komite Konseye Òganizasyon pou Planifikasyon Metwopoliten (MPOAC) pou tout Eta Florid la te òganize reyinyon trimestriyèl li a tou nan menm dat la; tout patisipan nan konferans lan te gen dwa vini, menm si yo pa te rezidan Florid. Pandan reyinyon pou manje midi AMPO te òganize pou remèt moun pri a, Richard J. Kaplan, ki se prezidan MPO lokal nan Broward County an menm tan li se majistra kominal Lauderhill, te resevwa yon pri pou Rannman Esepasyonèl li te bay nan Planifikasyon Transpò Metwopoliten, kòm yon ofisyèl yo te chwazi nan eleksyon.

Vandredi 3 novanm

Nan dènye jou konferans lan, kesyon ki te pi enpòtan an se sa ki te pale nan seyans sou Planifikasyon pou Transpò Dirab la. Tèm sa a te gen yon seri ki gen 3 moso, ki te kouvri entegrasyon anviwonman natirèl ak anviwonman moun kreye nan planifikasyon pou transpò a, epi nouvo kondisyon gouvènman federal mete yo. Yo te envite tout patisipan nan aktivite a pou yo vini nan yon manje vyann griye arebò pisin lan. Jou sa a, aktivite yo te fini pi bonè pou pèmèt patisipan ki te soti nan lòt vil yo gen tan pare pou retounen lakay yo.

WOUT SAN DANJE POU ALE LEKÒL (SR2S)

Èske ou sonje lè ou te konn ale lekòl ak tounen lakay ou avèk zanmi w? Oubyen èske se sou bisiklèt ou te konn fè wout sa yo? Kounye a, pifò paran nan Broward County yo mennen pitit yo lekòl nan oto. Dapre rapò Ajans pou Administrasyon Anbouteyaj nan Sikilasyon Marin County (nan Kalifòni), ant 20 ak 25 pousan nan sikilasyon maten, se paran k ap mennen pitit yo lekòl nan oto.



Nan premye pwojè pilòt Wout san Danje Pou Ale Lekòl (SR2S) nan Florid la, MPO Broward County a ap travay pou anpil timoun kapab ale lekòl san danje epi avèk sekirite ankò, apye oubyen sou bisiklèt. SR2S te mennen yon ankèt nan 9 lekòl elemantè plizyè kote nan Broward County: Tropical Elementary, nan Plantation; Silver Ridge Elementary, nan Davie; Tradewinds Elementary, nan Coconut Creek; Harbordale Elementary, nan Fort Lauderdale; Flamingo Elementary, Davie Planta-

tion Elementary, ak Deerfield Beach Elementary, nan Deerfield Beach; Cooper City Elementary, nan Cooper City; epi Charles Drew Elementary, nan Pompano Beach.

Yo te chwazi 9 lekòl sa yo dapre Rapò sou Danje nan Mache Apye ki te soti nan Konsèy Administrasyon pou Lekòl nan Broward County a; ankèt la te mande elèv yo ak pwofesè yo kouman yo te chwazi pou yo ale lekòl, epi ki pwoblèm yo te kwè ki anpeche yo ale apye nan lekòl yo. Nan pami rezilta SR2S la ta vle jwenn, gen sa yo: plis timoun ki ale lekòl apye oubyen sou bisiklèt, plis sekirite nan sikilasyon pyeton ak bisiklèt, epi mwens depans nan kabiran pou oto.

Pou plis enfòmasyon sou SR2S, kontakte Msye John Ramos nan nimewo (954) 357-6657.

**10ZYÈM KONFERANS ANYÈL
POU KATYE NAN FLORID YO**

Ant 5 ak 7 oktòb 2006, MPO Broward County a, ansanm avèk 50 lòt patisipan, ki te genyen nan pami yo patisipan jouk St. Petersburg ak Sarasota, te patisipe nan 10yèm Konferans Anyèl pou Katye nan Florid yo; konferans lan te fèt nan Broward County Convention Center, nan Fort Lauderdale.

Objektif konferans anyèl la, se ede rezidan yo rive pran chaj pwòp kominote yo avèk plis efikasite. Konferans lan te genyen atelye enfòmasyon tankou: asosyasyon katye efikas, kominikasyon pandan

siklòn, administrasyon pwojè katye, ak motivasyon volontè. Patipisan nan konferans lan te gen yon chans pou ale nan vizit gidè nan katye istorik, tankou Downtown Development Authority (DDA), ak Port Everglades.

Responsab katye yo ak rezidan yo kapab sèvi ak enfòmasyon yo resevwa nan konferans lan pou koumanse fè amelyorasyon nan kominote yo, yon katye apre lòt.



**“METE L NAN
LARI A”**



Smokey the Bear (Konpè Lous) te vin aprann moun kouman pou yo anpeche dife pran nan rakbwa

**Jounen sou Anviwonman
pou Fanmi nan Coral
Springs**

Nouvo sant natirèl Sawgrass la, ki nan Sportsplex Park nan Coral Springs, te fete inogirasyon li nan samdi 27 janvyè, pandan twazyèm Jounen sou Anviwonman pou Fanmi Vil la te òganize. Aktivite sa a, ki te rekoumanse apre li te sispann pandan 2 lane, te òganize yon 5-K "Walk for the Wild", yon prezantasyon bèt vivan, epi yon espozisyon, ansanm ak jwèt, divètisman, yon lavant ti pyebwa, yon Mache Vèt, ak yon konkou foto ak travay atis.

Nan pami prezantatè ki okipe zafè anviwonman yo, te genyen òganizasyon tankou Florida Division of Forestry, ak Broward County Air Quality Division. MPO Broward County a te prezante pwòp espozisyon l tou, epi li te voye pwofesyonèl sou kesyon planifikasyon transpò pou esplike piblik la pwosesis planifikasyon transpò a, ak pou poze moun ki te vin patisipe yo kèk kesyon.

Ekip anketè MPO a te pale ak 55 patisipan pandan aktivite sa a. Nan moun ki te reponn anketè yo, prèske 50 pousan te deklare pi gwo pwoblèm yo genyen nan transpò, se enstalasyon pou bisiklèt ki manke nan kominote a. Nan pami lòt pwoblèm yo te pale, te genyen anbouteyaj nan sikilasyon, ak bezwen pou plante plis pyebwa ak fè plis bèl jaden nan konte a.